

Moyiz grandi ann Ejip

EGZÒD CHAPIT 1-2

PLIZYÈ ANE APRE LANMÒ JOZÈF, GEN YON **NOUVO FARAWON** KI TE VIN AP DIRIJE NAN PEYI EJIP. LI **TE RAYI** EBRE YO KI T AP ADORE JEUVOVA.

TANDE NON!
EBRE YO PLUS PASE NOU
E YO GEN PLUS FOS PASE
NOU! ANN FÈ YO
VIN **ESKLAV!**


TOUYE
TOUT TIBEBE
GASON YO LÈ YO
FÈK FÈT!

NAN EPÒK SA A, GEN YON DAM EBRE, KI
RELE **JOKEBÈD**, KI TE FÈ YON TI GASON.

MANMAN,
POUKISA W TOUJOU
AP KACHE TI FRÈ M
NAN?

MIRYAM,
SE PASKE N DWE
PWOTEJE L POU
FARAWON PA
JWENN LI.


SEPANDAN, APRE
TWA MWA, JOKEBÈD
PA T KA KACHE TI
BEBE A ANKÒ...




M AP MET TIBEBE A
NAN YON PANYE KI FÈT
AK WOZO E M AP MET
PANYE A NAN MITAN
WOZO KI AREBÒ
RIVYÈ NIL LA.

M AP RET LA
POU M WÈ SI YON
MOUN AP **JWENN** FRÈ M
NAN E SI KÈ L FÈ L MAL
POU LI.


PITIT FI FARAWON AN TE VIN
BENYEN NAN RIVYÈ A...



KI SA PANYE
SA A AP FÈ LA A?
PRAN L POT POUR
MWEN.



SE YOUN
NAN TIBEBE
EBRE YO.



ÈSKE W TA
RENMEN M AL CHÈCHE YOUN
NAN **MEDAM EBRE** YO POUR
KA BAY TIPITIT LA TÈTE E
POUR L **PRAN** SWEN L
POUR OU?

WI. OU
MÈT ALE!

NONSÈLMAN PITTIT GASON JOKEBÈD LA TE CHAPE,
MEN TOU, JOKEBÈD TE FÈ PLIZYÈ ANE AP PRAN
SWEN L E L TE APRANN LI RENMEN JEWOVA.

APRE SA, JOKEBÈD TE MENNEN L
TOUNEN BAY PITTIT FI FARAWON AN.

M AP
RELE L **MOYIZ**
PASKE MWEN TE
RETIRE L SOT
NAN DLO A.

MOYIZ TE GRANDI PAMI
EJIPSYEN YO. MEN, LI PA T
BLIYE FANMI L, KI TE EBRE,
TE TOUJOU NAN ESKLAVAJ.

YON JOU, MOYIZ TE WÈ YON
EJIPSYEN K AP **BAT** YON ESKLAV EBRE.

PISKE MOYIZ TE VLE EDE L,
LI TE **TOUYE** EJIPSYEN AN.

LÈ **FARAWON** VIN APRANN SA MOYIZ TE
FÈ A, LI TE VLE **TOUYE** MOYIZ.

KONSA, MOYIZ TE KOURI AL **MADYAN**.

KÈK ANE APRE, MOYIZ TE MARYE
AK **SEFORA** NAN PEYI MADYAN
E L TE VIN GEN YON FANMI.

MEN, EBRE YO TE TOUJOU **ESKLAV** NAN PEYI
EJIP. NAN LÒT ISTWA BIBLIK SOU FÒM DESEN
AN, N AP APRANN SA K TE PASE LÈ JEWOVA
TE FÈ MOYIZ **RETOUNEN ANN EJIP** POU L
EDE EBRE YO.

KI SA N APRANN NAN ISTWA SA A?

KI FASON MIRYAM TE **AJI** AK TI FRÈ L LA?
IDE: EGZÒD 2:4, 7; 1 JAN 3:17, 18.

POUKISA SE TE YON BAGAY KI MAL LEFÈTKE
FARAWON TE **RAYI** YON RAS KI PA MENM AK RAS
PA L LA?
IDE: TRAVAY 10:34, 35.

KI JAN W DWE REYAJI AK MOUN KI PA GEN
MENM RAS AVÈ W?
IDE: 1 SAMYÈL 16:7.